

# M ap li nèt ale


## Liv Elèv Kreyòl

Tòm 2

Dezyèm  
ane



**USAID** | **AYITI**  
ÈD PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale  
et de la Formation Professionnelle



# M ap li nèt ale

# Liv Elèn Kreyòl

Tòm 2

Dezyèm  
ane



( Leson 46 – 95 )



# Remèsiman espesyal

Metòd « M ap li nèt ale » se rezilta èd pèp ameriken an bay Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) pa mwayen pwojè ToTAL (Tout Timoun Ap Li). Se RTI Entènasyonal k ap egzekite l pou USAID/ Ayiti.

Metòd « M ap li nèt ale, 2èm ane » a te jwenn konkou anpil moun pou l ka rive reyalize. Yo te pote kontribisyon yo nan konsepsyon ak elaborasyon materyèl la, nan fason yo te soutni travay la ak nan konsèy yo te bay. Se poutèt sa n ap remèsye espesyalman :

## **Moun ki te patisipe nan elaborasyon ak konsepsyon materyèl la :**

- Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES, Spécialiste du développement des matériels de Créole, USAID/ RTI/ ToTAL
- Reginald Calixte BRICE, Educateur, Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Jovanny VINCENT, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Standley KETAN, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Stéphanie-Ingrid R. MOLEON, Educatrice/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Walph Ferentzi YOUYOU, Educateur/ Consultant, USAID/ RTI/ ToTAL
- Marky JEAN-PIERRE, Consultant, RTI
- Emmanuel Michel BAZILE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Pierre Michel LAGUERRE, Expert Linguiste, Ancien DG du MENFP, Consultant, USAID/ RTI (Editing)
- Jerry Rosembert MOISE et Mitchell Pierre, Illustrateurs, Consultants, USAID/ RTI/ ToTAL
- Laurette CUPIDON, Curriculum Development Manager, RTI/ ToTAL
- Josette GABOTON, Consultant, DEF/ EPT-BM
- Lionel HOGU, Consultant, DEF/ MENFP
- Françoise BENOÎT, DFP/ MENFP
- Zulda DUBOIS, DFP/ MENFP
- Volvick Germain CHARLES, Directeur, DEF/ MENFP
- Claudin SAINT- JOUR, Chef de service du Curriculum et formation, DEF, MENFP
- Jean Wilner Janvier (DEF/ MENFP)
- Chantal Roques (Consultante au MENFP)
- Claude Hebert Antoine (FONHEP)
- Jean Julien Ladouceur (CEEC)
- Jocelyne Trouillot (Université Caraïbe)
- Darline Alexis (Université Quisqueya)
- Charles Tardieu (Editions Zemès)

## **Moun ki te soutni ak bay konsèy**

- Loretta GARDEN, USAID
- Fabiola LOPEZ-MINATCHY, USAID
- Hervé JEAN-CHARLES, USAID
- Ronald JEAN-JACQUES, COP, RTI/ ToTAL
- Andrew JOHNSTON, DCOP, RTI/ ToTAL
- Mary DENAUW, Consultant, USAID/ RTI
- Jean-Baptiste Michel BEL
- Filocie JEAN
- Roseline DORMÉUS
- Ezechias VILUS
- Damas AUGUSTIN
- Emmanuel FILIPPI
- Dieudonne JOSEPH
- Jean Daniel CLEDOR
- Alius JOSEPH


<b>Ecole</b>	<b>Departement</b>	<b>Commune</b>	<b>Nom du directeur</b>
Ecole Lumière Divine	Nord	Quartier Morin	Pierre Arnol
Ecole Nationale de Quartier Morin	Nord	Quartier Morin	Augustin Suza
Ecole Nationale Serge Luckecsy	Nord		Carole Antoine
Ecole Nationale Galman du Plat	Nord	Quartier Morin	Bernadette Magloire
Ecole Nationale Marcelin Prophète G. du Plat	Nord	Quartier Morin	Jasmine Magloire
Institut Scheche	Nord	Limonade	Modelaire Elminor
Ecole Maria Montessori	Nord	Limonade	Gesner Dieudonne
Ecole Eben-Ezer de Limonade	Nord	Limonade	P. Jecton Cerant
E.N.A.L.M Sabanon	Nord	Limonde	Jany Charles
Collège Evangélique Nouvelle Espérance	Nord	Limonde	René Julcoeur
Oeuvre humanitaire de Bois de Lance	Nord	Limonade	Décès Bien-Aimé
Ecole Nationale Eudes Jn Baptiste	Nord	Limonade	Jean Marie Charles
Ecole Nationale Claudius Codada	Nord	Limonade	Obéi Tony
Ecole Nationale de Cahess	Nord-Est	Caracol	Morisseau Augustin
S.E.H	Nord-Est	Caracol	Jean Mirvil
Rayaume des Petits	Nord_Est	Trou du Nord	Marseille Vernet
Ecole Nationale Jn Price Mars	Nord-Est	Trou du Nord	Eline Saint-Cléris
Ecole Nationale de Garcin	Nord-Est	Trou du Nord	Pierre Harry Jean Baptiste
Ecole Nationale de Devarenes	Nord-Est	Trou du Nord	Ida Fénéus
Collège Eben-Ezer de Trou-du-Nord	Nord-Est	Trou du Nord	Fellippe Elie
Nationale de Pister	Nord	Limonade	Moise Lesly

# Sa ki nan liv la


Leson 46	2	Leson 71	39
Leson 47	3	Leson 72	40
Leson 48	5	Leson 73	42
Leson 49	6	Leson 74	43
Leson 50	8	Leson 75	45
Leson 51	9	Leson 76	46
Leson 52	11	Leson 77	48
Leson 53	12	Leson 78	49
Leson 54	14	Leson 79	51
Leson 55	15	Leson 80	52
Leson 56	17	Leson 81	54
Leson 57	18	Leson 82	55
Leson 58	20	Leson 83	57
Leson 59	21	Leson 84	58
Leson 60	23	Leson 85	60
Leson 61	24	Leson 86 Revizyon	61
Leson 62	26	Leson 87 Revizyon	62
Leson 63	27	Leson 88 Revizyon	64
Leson 64	29	Leson 89 Revizyon	66
Leson 65	30	Leson 90 Revizyon	68
Leson 66	32	Leson 91 Revizyon	70
Leson 67	33	Leson 92 Revizyon	72
Leson 68	35	Leson 93 Revizyon	74
Leson 69	36	Leson 94	76
Leson 70	38	Leson 95	78

# Leson 46

Fi ak gason ka gen menm metye.



mekanisyen



kamyonèt



Fi tankou gason

Ka kondui yon gwo kamyon.

Fi tankou gason

Ka koud yon pantalon.

Fi tankou gason

Ka fè malad jwenn gerizon.

Fi tankou gason

Ka gen nenpòt metye.



kondui pandan li desann machin

fi felisite kòm dwa mens



Pwofesè a felisite Klodi ak Sonya.

Timoun yo gen dwa.




# Leson 47

M ap amize mwen byen pandan vakans.



danse



plaj



Lè vakans rive,  
Mwen pa ka rete san bouje.  
Fòk mwen ale larivyè,  
Monte bekàn tout jounen,  
Vire, flannen, pwomennen  
Ala yon bèl vakans m ap genyen !



di pwojè demen pral manman  
bay akolad vakans bèl plaj



Demmen apremidi, Solon pral naje nan  
rivyè a.  
Soniz ale vizite Basenble.

# Wee, men vakans !



Vakans rive. Tout timoun kontan. Rita di Rene :

- Ki sa w ap fè demen maten ?

Rene reponn :

- Mwen pral jwe marèl ak zanmi mwen yo.

Rita di :

- Mwen menm, mwen pral nan plaj ak manman m.

De timoun yo bay akolad. Yo di vakans se bèl epòk.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò Rita prale ak manman li ?
3. Ki jwèt Rene pral jwe ak zanmi li yo ?
4. Pou ki sa tout timoun kontan lè vakans rive ?

# Leson 48

M ap aprann istwa peyi mwen.



endyen



flèch



Gen dat enpòtan  
Kote zansèt vanyan  
Te libere peyi mwen.  
Premye janvye kou 18 me,  
Se dat pou m toujou sonje.  
Istwa peyi mwen fòk mwen respekte li.




rakonte      apremidi      reyini  
panyòl      End      pay      viv      lò  
tan      kòmanse




End se yon gwo peyi.  
Anayiz gen yon chèn lò.

# Leson 49

M ap itil menm nan moman difisil.



alimèt



boutik



Nikòl ak Anòl

Renmen ale lekòl.

Mèt la di yo gen lòd.

Yo pa janm fè dezòd.

Bravo ! Nikòl.

Bravo ! Anòl.



bwat san mouvman boutik

alimèt lakay konpliman fyè

ou wout



Boutik la chaje komès.

Lebon gen yon bwat kreyon koulè.

# Yon ti fi saj




Yon jou, solèy pral kouche, lasigal ak zandolit kòmanse chante. Manman Michlin pa jwenn alimèt pou li limen lanp lan. Li voye Michlin achte yon bwat alimèt. Michlin pran wout la san kè sote. De tan twa mouvman li rive nan boutik la. Li achte alimèt la epi li tounen lakay li. Manman li di : « Konpliman pitit fi m, ou pa mize nan wout . »

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò Michlin te al achte bwat alimèt la ?
3. Ki lè sa te pase ?
4. Pou ki sa manman li di : « Konpliman pitit fi mwen » ?

# Leson 50

M ap reyisi ak anpil pasyans.



twou



foumi



Yon tan pou chak bagay.

Mwen p ap fè twa avan de.

M ap pran san m menm si m pran tan.

M ap rive lè m dwe rive.

Rive anvan pa vle di byen rive.

Ak pasyans m ap reyisi.



ale chak zepi pye kòmanse

ak pasyans difisil rankontre

pran




Manno ap boukannen kèk mayi vèt.


Matid konn fè akasan.

# Leson 51

Menm si m piti mwen ka itil.



bak



sak



Se vre mwen piti

Men mwen ka itil.

Mwen ka sèvi yon vè dlo

Mwen ka ouvri yon pòt, yon fenèt.

Menm sekou mwen ka pote.

Menm si mwen piti,

Mwen ka ede zanmi mwen.



mache bay machann pri sak

retounen mennen nan samdi

chak



Elifèt mete anana yo nan sak la.

Jini konn bay pri.

# Tout moun sezi !



Jilyo renmen ale nan mache. Yon samdi, l ale nan mache ak manman li. Li di manman li :

– Jodi a se mwen k ap bay pri.

Devan chak machann yo rive, Jilyo bay pri, manman li mete nan sak. Se yon plezi pou machann yo gade li k ap bay pri. Gen youn nan ladan yo ki di : « Ala ti gason konn bay pri ! » Jilyo reponn: « Nou sezi, pa vre ! » Jou sa a, yo retounen lakay ak yon sak byen ranpli.

## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki kote yo te ale ?
3. Ki jou yo te ale nan mache a ?
4. Ki sa Jilyo te fè lè li rive devan chak machann ?



# Leson 52

Mwen apresye kado mwen resevwa.



ri



tris



Sa a se vre

Pou vi nou ka dire,  
Fòk nou fè pwòpte.

Sa a se vre

Pou peyi nou ka bèl,  
Fòk nou mete poubèl.

Ala bèl bagay se pwòpte !




tris viv kay kado apremidi  
chagren parèy dous pè lajwa




Sedrèl depoze kado a sou tab la.  
Manyèl renmen bwè ji zoranj dous.

# Leson 53

M ap resevwa zanmi m byen lakay mwen.



salon



klas



Lakay mwen pòt mwen toujou ouvè  
Pou mwen resevwa zanmi m yo ak tout kè m.  
Kit li maten kit li aswè,  
Zanmi m toujou jwenn bon akèy  
Paske pou mwen yo san parèy.



dimanch            tout            vin            aktivite  
klas            mennen            wè            kay  
konpliman            pwomèt



Natali fè Sizèt konpliman pou bèl gòl li fè a.  
Mwen pwomèt ou yon liv lekti.

# Yon vizit



Yon dimanch, de bon zanmi Sandra vin vizite li. Sandra kontan. Li fè yo antre nan salon an. Yo pale sou tout aktivite ki te fèt nan klas la pandan semèn nan. Apre sa, Sandra mennen yo wè ti jaden li fè dèyè kay la. Se konsa, yon mabouya vin parèt. Yo rele : « Anmwey ! » Yo kouri rantre anndan kay la, yo fèmen pòt la. Yo tounen nan salon an. Yo bay blag sou jan mabouya a te fè yo pè. Youn t ap ri lòt. Jou sa a, yo te pase yon bon moman ansanm.

## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki jou de bon zanmi Sandra yo te vin vizite l ?
3. Ki bò Sandra te antre ak zanmi li yo ?
4. Ki sa ki rive lè Sandra mennen de zanmi li yo wè ti jaden an ?

# Leson 54

M ap antann mwen ak tout moun.



zanmi



fèt



Jodi a se joudlan.

Se jou kè kontan.

Jou tout timoun nan lari,

Tout fanmi reyini.

Se jou youn kenbe men lòt.

Se jou youn panse ak lòt.



sourit okazyon gwo lis konpè

rat kwè pwofite lènmi fen




Janèt wè yon sourit anba tab la.

Konpè Jak ap fè fèt lakay li a.

# Leson 55

M ap fè espò pou m ka viv an sante.



baskètbòl



kouri



Kouri, pedale, sote  
tankou danse ak naje  
Tout sa yo se espò.  
Se egzèsis pou kò.  
Fòk nou pa sispann bouje  
Pou nou ka rete an sante.



plezi      pèmèt      ekip      mesyedam  
anbyans      katye      prepare      espò  
gade      kanpe



Jinèt ap fè espò lakay li a.  
Papouch ap viv nan katye Chalèt.

# An nou fè espò



Chak maten, Alen pran plezi gade yon ekip mesyedam sou katye a k ap fè espò. Yon jou li mande papa li :

- Pou ki sa moun dwe fè espò ?

Papa li reponn :

- Lè moun fè espò, sa pèmèt li viv an sante.


Depi jou sa a, Alen deside fè espò chak maten.

## Kesyon


1. Kilès ki renmen gade mesyedam yo lè y ap fè espò ?
2. Chak kilè mesyedam yo fè espò ?
3. Ki bò mesyedam yo fè espò ?
4. Pou ki sa Alen deside fè espò chak maten ?

# Leson 56

Kilti peyi m rich anpil.



joumou



soup



Karako

Pa mete ak chapo.

Karabela

Pa mache san mouchwa.

Depi mwen wè chapo pay

Mwen di sa se pwodui lakay.

Viv kilti nou !



endepandans

jou

bwè

marennn

sou

sant

tan

kay

konprès

anbrase




Bòs Lolo keyi yon gwo joumou.


Madan Solon mare tèt li.

# Leson 57

Zwazo yo gen plas yo nan lanati.



glasi



madansara



Lanati plen ak richès

Chak zannimo se yon pyès enpòtan

Ti zwazo yo mèt vole toupatou

Mwen p ap nui yo

Paske yo tout gen plas yo nan lanati.



men madan toujou glasi vin

pyèj vle plas sou kouri




Timoun yo ap jwe sou glasi a.

Madan Jil ap manje mango.



# Kalo ak madansara yo



- Woy ! Men madansara yo ap manje mayi Kalo yo !  
Se toujou konsa, chak maten lè Kalo mete mayi seche sou glasi a, madansara vin manje yo. Men Kalo pa vle tann pyèj pou yo. Li kouri dèyè yo paske li pa vle touye yo. Kalo panse madansara yo gen plas yo sou latè menm jan ak moun.

## Kesyon


1. De ki sa istwa a pale ?
2. Ki kote Kalo seche mayi li yo ?
3. Ki bèt ki konn vin manje mayi Kalo yo ?
4. Dapre nou, pou ki sa Kalo pa t vle touye madansara yo ?

# Leson 58

Mwen ka ede moun ak bon jès.



vwalye



veso



Ede m ap ede

M ap ede tout moun

Granmoun kou timoun bezwen èd mwen

Ede yon moun se yon bon jès

Lè m ede lòt yo mwen santi m itil

M ap ede paske youn bezwen lòt.



zòn

Wanamant

vwalye

bay

kou

kòmanse

dlo

konprann

pwovèb

menm




Zòn sa a bèl anpil.


Lapli kòmanse tonbe depi nan maten.

# Leson 59

M ap kenbe sous dlo yo pwòp.



patiraj



bèt



Gade dlo, gade dlo,  
Mezanmi dlo agogo  
N ap plante banbou  
Pou n pwoteje sous toupatou  
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.



apremidi      dlo      mòn      konnen  
zòn      kabrit      bèf      pre  
cheval      itil



Enòk ap plante pyebwa nan mòn nan.  
Kabrit la ap manje zèb.

# Sous dlo

Mina toujou ale pran dlo nan yon sous dlo ki tou pre lakay li a. Nan zòn nan gen anpil pye bwa. Yon lendi, li sezi wè yon cheval



k ap pipi nan sous la. Mina santi li kontrarye.

Li deside al pale ak mèt cheval la. Li di li :

« Ou pa konnen ou pa dwe mare bèt tou pre sous la ? » Mesye a reponn :


« Mwen mare bèt mwen kote mwen vle. » Apre sa, Mina fè li konnen sous la itil tout moun nan zòn nan. Si dlo a sal, li ka lakòz tout moun malad. Mèt cheval la dakò ak Mina.

## Kesyon

1. Kilès ki toujou al pran dlo nan sous la ?
2. Ki sa ki geyen nan zòn nan ?
3. Ki sa ki fè Mina sezi ?
4. Dapre nou ki jan mèt cheval la te santi li lè li te fin pale ak Mina ?

# Leson 60

M ap respekte tout sa zansèt mwen yo kite.



fò



nèg mawon



Onè, respè pou zansèt nou yo.

Yo te batay pou ba nou libète.

N ap pwoteje tout sa yo kite pou nou.

N ap toujou sonje tout gwo sakrifis yo te fè.

Nou p ap janm sispann ba yo valè.



anivèsè okazyon ale bis mòn mi

tanzantan netwaye mennen kwen



Polo ap netwaye kanal la.

Pasaje yo monte bis la.

# Leson 61

Mwen renmen tande pawòl granmoun yo.



Petyon



Desalin



Granmoun yo se zanmi nou.

Yo toujou la pou nou.

Yo ba nou bon konsèy,

Nou p ap fè yo fache.

N ap respekte yo,

N ap sipòte yo lè yo pa kapab.



gen

granmoun

saj

katye

ale

rakonte

tan

lontan

richès

zòn



Tan an bèl jodi a.

Sandra se yon ti fi ki saj.

# Kay pè Katò



Nan bouk Latousen, gen yon granmoun ki rele Katò. Tout moun rele li pè Katò. Li saj. Depi aswè rive, tout timoun nan katye a ale lakay pè Katò. Li chita sou yon dodin. L ap rakonte timoun yo istwa. Gras ak pè Katò, timoun yo konn anpil istwa ki te pase nan tan lontan. Pè Katò tounen yon pwofesè istwa pou timoun nan zòn nan.

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki bò li rete ?
3. Si nou te nan plas timoun yo, ki istwa nou ta renmen pè Kastò rakonte nou ?
4. Ki sa pè Katò tounen pou timoun nan zòn nan ?

# Leson 62

Lòd ak disiplin ka fè m viv pi byen.



lòd



dezòd



M ap mete lòd nan tout sa m ap fè  
Mwen p ap lage zafè m toupatou  
M ap pran swen rad mwen, liv mwen  
M ap pran swen soulye m, valiz mwen.  
Paske lòd ak disiplin ap ede m reyisi.



lòd atè kabann cho chèche fèy  
bouch manman aprann disiplin




Bòs Dodo ap ranje kabann nan.  
Lili ap aprann li.



## Leson 63

Viv byen ak moun, pa gen tankou sa.



bonm



boulanje



Youn ede lòt, youn tolere lòt,  
Youn kenbe men lòt,  
Youn souri bay lòt.  
Ala bèl sa bèl !  
Lè tèt nou kole kou karamèl  
Pou nou viv san pwoblèm.



lakou Rakbwa vye gen laj  
maten prepare zòn reyini blag



Noli ap prepare l pou li al lekòl.  
Rat la pran nan pèlen.

# Ratisya, vye rat la



Nan lakou Rakbwa, gen yon rat ki rele Ratisya. Yo ba li ti non Vye rat. Li gen plis laj pase tout lòt rat yo. Chak jou, li fè manje pou tout lòt rat yo. Men Vye rat renmen pase lòd. Li fè kèk rat bale anba tonèl la. Gen lòt ki lave chodyè ak asyèt. Vye rat renmen lè tout rat patisipe nan sa k ap fèt nan lakou a. Kay vye rat tounen yon konbit.

## Kesyon

1. Ki ti non jwèt yo te bay Ratisya ?
2. Ki jan lakou a te rele ?
3. Ki sa vye rat fè chak jou ?
4. Pou ki sa Vye rat renmen lè tout rat yo patisipe nan tout sa k ap fèt nan lakou a ?

# Leson 64

Mwen p ap fè twòp bri nan katye mwen.



twonpèt



saksofòn



Vwazinaj se tankou fanmi.  
Mwen dwe toujou byen aji  
Lajounen tankou lannwit.  
Mwen p ap fè twòp bri  
Pou nou ka toujou zanmi.




twazyèm      ane      jwe      gwo  
mizisyen      twonpèt      kòmanse      sèl  
konprann      viv



Mariz se yon gwo mizisyen.  
Mantout ap jwe twonpèt.

# Leson 65

M ap li pou m ka aprann pi byen.



liv



pare



M ap li pou m aprann bèl ti istwa

M ap li bèl kont,

M ap aprann devinèt

M ap fè teyat

M ap li pou m fè kè m kontan

Lekti se bèl bagay !



premye jou kontan wè

kòmanse liv li fè pandan

jounen



Jounen an byen kòmanse.

Nan liv sa a, otè a rakonte yon bèl istwa.

# Fedya renmen lekòl



Premye jou lekòl rive, Fedya kontan. Li pral wè tout zanmi li yo. Li pral li, ekri ak konte. Bridesoukou, lapli kòmanse tonbe. Fedya pa ka ale lekòl. Li pa ka tann ki lè pou lapli a pase. Lapli a di li p ap pase. Fedya pran liv lekti « M ap li nèt ale » a. Li fè lekti pandan tout jounen an.

## Kesyon


1. Kilès ki pral wè tout zanmi li yo ?
2. Ki jan Fedya santi li premye jou lekòl la ?
3. Ki sa ki pase lè lapli kòmanse tonbe ?
4. Dapre nou, pou ki sa nou ka di Fedya renmen li ?

# Leson 66

Kit se bèt kit se moun, m ap ede yo.



pi



tòti



Kit se bèt kit se moun,  
m ap ede yo.

Depi se bagay mwen ka fè,  
M ap ede yo.

Paske youn dwe sipòte lòt  
Youn dwe pwoteje lòt.




lòt bokit kèk pi kontan  
zanmi rakonte kit rache tòti




Zanmi mwen yo ale lekòl.  
Fefe ap lave bokit la anvan li pran dlo.

## Leson 67

M ap mete ladrès nan tout sa m ap fè.



pye bannann



bannann



M ap pran san m nan tout sa m ap fè.

M ap fè tout sa m gen pou m fè ak tout  
kè m.

Mwen p ap fè kòlè,  
M ap travay ak kè poze.  
Ak pasyans m ap rive.




viv      respekte      renmen      ede  
bannann      vit      zòn      don      entelijans  
nwèl



Timoun dwe respekte granmoun.  
Jak pa abite nan zòn nan.

# Bon men



Fednè ap viv nan katye Dereyal. Li respekte tout moun, epi li renmen ede. Kit li plante bannann oswa yanm, yo toujou pouse vit. Moun nan zòn nan di Fednè gen don. Tant Mima di se pa don li genyen. Men li gen bon konprann. Epi li suiv tout sa granpapa li montre li nan zafè plante. Fednè entèlijan, l ap reyisi nan tout sa l ap fè.


## Kesyon

1. Kilès k ap viv nan katye Dereyal ?
2. Ki sa moun nan zòn di Fednè genyen ?
3. Dapre nou, ki sa gran papa Fednè te konn di li sou zafè plante ?




# Leson 68

M ap fè atansyon nan sa m ap manje nan lari.



fresko



blòk glas



Dlo trete se lasante.

Li sèvi pou fè manje

Lave, benyen ak bwè.

Dlo pa dwe koule san rete.

Lè n ap sèvi fòk nou mezire

Paske dlo se yon nesesite !



twa mouvman depoze sa

bay maladi bon lide lave

responsab




Janin responsab klas li a.

Abriko se yon bon fwi.

# Leson 69

Tout metye itil.



elektrisyen



kòdonye



Mwen p ap rete chita nan kay.

Fòk mwen lite pou m rive.

M ap aprann yon metye.

Pa gen metye ki pi bon pase lòt.

Tout metye itil.



kòdonye Mawo soulye gwo ka

vil chire metye nan yo



Lewona se yon gwo elektrikyen.

Tout moun dwe gen metye.

# Yon bon bòs kòdonye




Danyèl se yon gwo Bòs kòdonye nan vil Mawo. Timoun nan vil la toujou di yo pa renmen metye sa a. Yon jou, soulye Medlin chire. Li pa ka ale lekòl. Medlin tris. Bòs Danyèl tande sa, li pran kòl, kui, klou ak lòt materyo. Li fè yon bèl soulye pou Medlin. Depi lè sa a, anpil timoun nan vil la deside aprann kòdonye nan men Bòs Danyèl.

## Kesyon


1. Ki jan yo rele Bòs kòdonye a ?
2. Ki sa ki rive Medlin ?
3. Pou ki sa Medlin te tris ?
4. Daprè nou, pou ki sa anpil timoun nan vil la te deside aprann kòdonye ?

# Leson 70

Otorite yo la pou mete antant.



kòd



bèf



Mwen dwe respekte w

Ou dwe respekte m

Youn dwe respekte lòt

Otorite yo dwe respekte tout moun.

Yo dwe toujou ankouraje antant.

Lavi ka pi bèl lè nou respekte tout moun.



kominal

bouk

antann

kòd

bèf

sezi

biwo

yon

fè

parèt



Biwo pwofesè a gen fòm kare.


Bèf la tonbe kouri nan patiraj la.

# Leson 71

Zwazo yo se pa m, m ap pran swen yo.



sèpantye



tako



Mwen renmen libète.

Mwen gen zèl pou mwen vole.

Mwen fè nich sou pye bwa.

Timoun renmen tann pyèj pou kenbe mwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



apremidi      plimay      branch      grennen

simen      branch      desann      kontanple

atè



Zwazo a gen yon bèl plimay.


Branch bwa a chaje ak fèy.

# Leson 72

Onè respè pou zansèt mwen yo.



majorèt



parad



Mwen se yon vanyan gason.

Mwen se zansèt tout ayisyen.

Mwen te goumen pou endepandans Ayiti.

Mwen mouri 17 oktòb sou Pon Wouj.

Mwen se \_\_\_\_\_.



li pantalon sou mouye lè

tonbe tou ran bliye

zansèt



Tout rad li yo mouye.

Pantalou sa a bon pou Pòl.

# Fèt drapo



Nadin leve bonè. Li mete kokad ble, pantalon blan, mayo wouj. Nadin ale nan fèt drapo. Sou wout la, lapli mouye Nadin. Li pa kontan. Lè Nadin rive, li wè tout timoun ap make pa. Li tonbe make pa tou nan ran an. Nadin chante : « Onè, respè pou zansèt yo. »

## Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa Nadin te mete sou li ?
3. Pou ki sa li te abiye konsa ?
4. Nan ki sitiyasyon nou konn aji menm jan ak Nadin ?

Rakonte.


5. Pou ki sa nadin pa t regrèt li mouye ?

# Leson 73

M ap pataje sa mwen konnen ak lòt moun.



kap



tòl



Mwen se yon jwèt.

Yo fè m ak bwa ak fil.

Yo kouvri m ak sachè oswa ak papyè.

Mwen gen tout fòm: kare, triyang, rektang.

Mwen ka monte byen wo nan syèl la lè gen van.

Plis mwen jwenn van plis m ap monte wo.

Plis mwen jwenn fil plis mwen pral pi lwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



kap tòl machin bòs aprann

kawoutchou mamit sabliye jan bèl



Pola ap ranje kawoutchou yo.

Jilniz ap plante yon ti pye sabliye.



# Leson 74

M ap kenbe lari a pwòp.



kamyon fatra



sachè fatra



Mwen mache lajounen kou lannuit.

Mwen se yon machin.

Mwen pa pote moun, mwen pote machandiz.

Lè lari a sal, travay mwen kòmanse.

Mwen sèvi sèlman pou m ranmase fatra.

Mwen se \_\_\_\_\_.



pawòl

pwòp

pèp

salon

retounen

fatra

li

rete

lari

jete



Pèp ayisyen gen yon bèl istwa.

Chat la ap dòmi sou yon chèz nan salon an.

## Kenbe lari a pwòp



Papa Estela toujou di li : « Lari a dwe rete pwòp paske se salon pèp la. » Estela renmen pawòl sa a. Yon jou, Estela wè yon ti gason vin jete fatra nan lari a. Estela di ti gason an : « Retounen ak fatra a. Lari a dwe rete pwòp. » Li koute Estela. Li pwomèt sa p ap rive ankò.

### Kesyon


1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa papa Estela toujou di li ?
3. Ki sa ti gason an te vin fè ?
4. Èske ou konn gen menm konpòtman ak ti gason an ?
5. Ki mesaj istwa sa pote pou nou ?

## Leson 75

M ap viv byen ak moun.



baton



patat



Kiltivatè fè bit tè pou yo plante mwen.

Lè mwen pare, yo fouye mwen ak pikèt bwa.

Si mwen gen vè yo jete mwen.

Yo manje m boukannen oswa bouyi.

Lè yo bouyi mwen ak lèt menm se koupe dwèt.

Mwen se \_\_\_\_\_.



komin granmoun bab rekonèt

ka kouche lòt kiltivatè wè

nou




Ton Likas ap fè bab li.

Nan komin Deravin, yo kiltive yanm.

## Leson 76

M ap travay byen lekòl pou mwen ka sèvi peyi mwen.



bonè



fatige



Mwen se chemen konesans.

Mwen montre moun li ak ekri.

Mwen ouvri an septanm, mwen fèmen an jen.

Depi mwen ouvri, tout timoun kontan.

Pwofesè, direktè ak elèv rankontre ansanm.

Mwen se \_\_\_\_\_.



reveye lwen bonè pre reponn

mache li kominote sèvi enpòtans



Elèv yo ap li ak kè kontan.

Papa Lola ap mache sou galri a.

# Klodèt pa bay vag




Klodèt toujou reveye bonè pou li ale lekòl. Lekòl la lwen anpil. Yon jou, Klodèt di : « Manman lekòl sa a twò lwen. Mwen p ap ale ankò. » Manman Klodèt reponn : « Si mwen te konn li, mwen t ap sèvi kominote a pi byen. » Klodèt kontan apre bèl pawòl sa a. Depi lè sa a Klodèt bay lekòl plis enpòtans.

## Kesyon


1. Kilès ki te reveye byen bonè pou li ale lekòl ?
2. Pou ki sa Klodèt te leve byen bonè ?
3. Pou ki sa Klodèt di manman li li p ap tounen lekòl la ?
4. Daprè nou èske lekòl enpòtan pou kominote n ap viv la ?  
Pou ki sa ?

## Leson 77

M ap pran tout moun ki aji byen kòm modèl.



ekri



kou



Mwen leve bònè pou mwen al travay.  
Mwen renmen travay ak timoun ak jèn.  
Mwen travay nan tout kalite lekòl.  
Mwen pa direktè.  
Metye mwen se aprann moun li ak ekri.  
Mwen se \_\_\_\_\_.



nasyonal      pwofesè      timoun      jou  
efò      kanmenm      gòj      mal  
madmwazèl      tout




Lisyèn se doktè gòj.  
Polo ap fè mwayèn li kanmenm.

# Leson 78

Mwen pral kay doktè lè mwen malad.



lafyè



marengwen



Mwen ka vole men mwen pa zwazo  
Mwen renmen rete kote ki gen dlo.  
Mwen mache lajounen kou lannuit.  
Mwen renmen mòde. Pèsonn pa renmen m.  
Yo mete moustikè, plakatoks pou mwen.  
Dèfwa yo banm lafimen pou m pa mòde  
moun.

Mwen se \_\_\_\_\_.



sèl	lafyè	te	asowosi
rèd	fè	malarya	ba
medikaman		malad	



Te asowosi bon pou lafyè.  
Jaki pran medikaman yo.

# Yon bon konsèy



Jodi a, Ivèt gen yon gwo lafyèv. Papa Ivèt ba li te asowosi. O ! lafyèv la la pi rès. Papa Ivèt kouri mennen li lopital. Doktè a di Ivèt gen malarya. Doktè a bay Ivèt medikaman. Li pwofite di papa Ivèt : « Te pa ka trete tout maladi. Lè yon moun malad se mennen moun nan nan sant sante ki pi pre a. » Papa Ivèt di li mèsi


## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa Ivèt genyen ?
3. Ki sa papa li ba li ?
4. Ki bò papa li te mennen li ?
5. Ki kote nou dwe ale lè nou malad ? Pou ki sa ?




# Leson 79

Ale lekòl, ala bon sa bon pou mwen.



bibliyotèk



kondisip



Mwen se yon peyi menm jan ak tout peyi.

Fransè te kolonize mwen.

Desalin, Petyon ak Kristòf ban mwen  
endepandans.

Chak premye janvye se fèt mwen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



septanm

epòk

pare

klas

kondisip

lide

ekip

bibliyotèk

byen

ansanm




Lili se kondisip Bèto.

Septanm se nevyèm mwa nan ane a.

# Leson 80

Tout sa ki sou tè a ak nan syèl la se se zanmi nou.



bonbon



zèklè



Mwen pwomennen nan syèl la.

Kèk fwa mwen koulè blan

Kèk fwa mwen gen koulè gri oswa nwa.

Pafwa mwen bare solèy la oswa lalin nan.

Depi mwen gri konnen lapli pral tonbe.

Mwen se \_\_\_\_\_.



lapli

peyizan

syèl

menm

gwonde

rekòt

gade

chante

voye

bonbon

loray



Lapli wouze jaden an.

Syèl la pa gen nyaj jodi a.

# Ti Nyaj

Lapli pa janm tonbe nan zòn Akayè. Peyizan yo pèdi tout rekòt yo. Yon jou, Rita ak Pòl kanpe nan jaden manman yo a. Rita ak Pòl leve je yo gade syèl la. Y ap chante. Y ap rele Ti Nyaj. Yo di : « Ti Nyaj ! Ti Nyaj ! Voye lapli n a ba ou bonbon. » La menm, yon loray gwonde. Lapli tonbe. Yo leve men yo anlè. Yo di : « Mèsi Ti Nyaj. »



## Kesyon


1. Kilès ki te kanpe nan jaden manman yo a ?
2. Nan ki zòn lapli pa te janm tonbe ?
3. Ki sa ki te pase peyizan yo ?
4. Di tout sa Rita ak Pòl te fè.
5. Èske sa konn rive pou kontan lè lapli pral tonbe ? Ki jan w konn santi w ?

# Leson 81

M ap sèvi ak fòs mwen pou mwen ede lòt yo.



sèvis



bibit



Nou se de frè.

N ap viv nan figi moun

Nen ak bouch se vwazen nou

Nou la pou fè moun wè.

Nou se \_\_\_\_\_.



katye

bibit

brital

gonfle

sèvis

vwa

gwochè

zanmi

pè

pwoteje




Jwanèl ta renmen gen gwo bibit.


Jajàn pè zandolit.

## Leson 82

Move tan pa dwe dekouraje m.



kannòt



filè



Mwen mache sou dlo.

Mwen fèt an bwa.

Yo sèvi ak pagay pou yo dirije m.

Pechè pwason sèvi avè m

Pou yo ka ale tann oswa leve nas ak filè.

Mwen se \_\_\_\_\_.



soufle

van

bese

lakay

filè

fèt

pwason

kannòt

mwen

rale



Pè Rafayèl konn kuit pwason gwo sèl.

Anpil timoun ale nan fèt nan lekòl la.

# De pechè




Yon jou, Lwi ak Mako monte yon kannòt. Yo ale peche. Lwi ak Mako tann filè yo lwen nan lanmè a. Yon ti tan apre, yon gwo van pran soufle. Mako di : « Sa n ap fè konpè mwen ? » Lwi reponn : « Lè van an bese n ap rale filè a. » Jou sa a, Lwi ak Mako antre lakay yo ak plis pwason pase tout lòt jou. Yo envite zanmi yo. Yo fè yon bèl fèt.

## Kesyon


1. Kilès ki monte kannòt la ?
2. Ki kote yo prale ?
3. Pou ki sa Lwi ak Mako pa t leve filè yo tousuit ?
4. Ki sa yo te fè lè yo rive lakay yo ?
5. Èske ou konn wè moun k ap peche deja ? Ki materyèl yo genyen ?

# Leson 83

M ap toujou di laverite.



wont



lanmè



Mwen viv nan dlo dous ak nan lanmè.  
Pechè fè nas, filè, zen pou yo kenbe m.  
Lè yo kenbe mwen yo manje m tout jan.  
Yo manje m bouyi, boukannen osinon fri.  
Mwen se \_\_\_\_\_.



konnen lanmè sispann boukannen  
naje verite amize souke travay  
benyen




Vag lanmè fè gwo bri.  
Timoun yo ap amize yo nan lakou a.

# Leson 84

Li bon pou mwen konn moun k ap viv sou katye mwen.



sezi



fènwa



Mwen se yon fi,  
Men mwen pa jèn,  
Pafwa mwen se manman manman yo,  
Pafwa mwen se manman papa yo.  
Mwen se \_\_\_\_\_.



jounen      lakay      sèvyab      wout  
mennen      pase      bare      fènwa  
kanmenm      sou



Timoun yo pa renmen jwe nan fènwa.  
Odma chita sou yon blòk.



# Matid, yon ti fi sèvyab



Samdi, Matid al wè grann li. Li pase tout jounen an ap ede l. Fènwa bare li, men fòk li ale lakay li kanmenm. Sou wout la, li wè yon ti gason k ap kriye. Ti gason an di : « Mwen pè, mennen mwen lakay mwen souple. » Matid mennen ti gason an lakay li. Lè yo rive, Matid sezi wè se nan menm katye a yo abite.

## Kesyon

- 1- De kilès istwa a pale ?
- 2- Ki jou Matid t al wè grann li ?
- 3- Ki sa Matid fè pandan tout jounen an ?
- 4- Ki sa ki pase sou wout la ?
- 5- Èske ou konn ede moun ki an difikilte deja ? Rakonte.

## Leson 85

M ap apresye ak respekte sa lòt moun ka fè.



lanmen



jwè



Mwen jwe sou yon teren ak onz jwè,

Yon balon ak de kan.

Chak kan yo gen de filè.

Sou teren an gen yon abit.

Akote teren an gen de lòt jij ak drapo nan men yo.

Mwen se jwèt ayisyen pi renmen.

Mwen se \_\_\_\_\_.



foutbòl ekip chenè fanatik triblè

gòl match lanmen rekonèt jwè



Jisten se fanatik foutbòl.

Maniz bay jwè yo lanmen.

## Leson 86 Revizyon

---

Mwen dwe sonje byen yon moun fè pou mwen.

---



Tout bon sitwayen dwe fè byen.

Fè byen vle di ede yon bon pwochen.

Chak byen mennen yon lòt byen.

Piti li ka ye yon byen gen anpil enpòtans.

M p ap janm bliye byen yo fè pou mwen.

---



zanmi

leti

kèk

tan

monte

kòd

rakonte

kokèt

sou

byen

---



Ivto depoze asyèt la sou tab la.

Lapen Eva a renmen manje leti.

---

# Leson 87 Revizyon

---

Men nan men n ap rive pi lwen.

---



Vini, vini, vin ede !

An n ede lòt yo avanse.

N ap sere men lè gen difikilte.

Men nan men n ap rive lwen.

1, 2, 3, ansanm n ap make pwen.

---



panse      pare      jou      toupatou

youn      peyi      vle      edikasyon

avanse      plizyè

---




Plizyè timoun ap kouri nan lakou a.

Tèlfò vle li yon liv sou istwa Ayiti.

---

# Yon bèl ekip

Mwa septanm se epòk lekòl ouvè toupatou ann Ayiti. Papa Pòl pa gen gwo mwayen. Men li pa vle Pòl pèdi yon jou nan klas



li. Premye jou a, Pòl mete bèl inifòm li sou li. Li pare pou lekòl la. Anvan li deplase, papa Pòl di li : « Sonje, edikasyon se pi gwo byen mwen ka ba ou. » Pòl gade papa li, apre sa li souri. Yon ti tan apre, li ale ansanm ak plizyè kondisip li. Tout sou wout la, l ap pale ak yo. Li di yo : « Sa nou panse si nou fè yon ekip pou nou ale li ansanm nan bibliyotèk la ? » Mesyedam yo kontan lide a. Yo di Pòl : « Mèsi anpil. Konsa youn ap ede lòt avanse. »

## Kesyon

1. Nan ki epòk lekòl ouvri nan peyi Ayiti ?
2. Ki sa Papa Pòl pa vle ki rive Pòl ?
3. Ki sa Pòl fè premye jou lekòl la ?
4. Ki konsèy Papa Pòl te ba li anvan li deplase ?

## Leson 88 Revizyon

---

M ap aprann lòt moun nan sa mwen konnen.

---



Mwen p ap sere sa mwen konnen.

M ap pataje sa mwen konnen ak lòt.

M ap aprann pipiti pase m yo.

Sa mwen konnen ka itil lòt yo.

An nou pataje sa nou konnen !

---



vid            aprann      tòl            resò            jan

kòman            grenn            bwat

mamit            montre

---



Li plante flè a nan yon mamit.

Resò kamyon pi gwo pase resò yon ti machin.

---

# Didi, ala yon bon mèt !

Nan katye  
Bedou, gen yon  
ti gason yo rele  
Anndi. Yo ba  
li ti non Bòs  
Didi. Li konn  
fè kap ak toupri.  
Li konn koupe  
tòl ak resò pou  
li fè machin



tou. Machin Bòs Didi yo solid. Yon jou, Manno ak  
Prima mande li aprann yo fè machin. Bòs Didi pran  
plizyè bwat mamit vid. Li montre yo kòman pou yo  
fè. Li aprann yo tou kòman pou yo fè kawoutchou ak  
grenn sabliye oubyen ak sandal. Bòs Didi kontan wè  
jan yo ap fè bèl machin menm jan ak li.

## Kesyon

1. Ki bon non Bòs Didi ?
2. Nan ki katye li rete ?
3. Ki sa li konn fè ?
4. Pou ki sa li kontan ?

## Leson 89 Revizyon

---

M ap ankouraje zanmi mwen yo etidye.

---



Mwen pral lekòl ak kè kontan.

M ap etidye leson m.

M ap fè devwa m yo.

M ap ankouraje zanmi m yo ale lekòl.

M ap rete lekòl pou m ka ede zòn mwen pi byen.

Lekòl se zafè pa m, se zafè pa nou tout.

---



konseye      kanè      ankouraje      lòt  
menm      fyè      moun      paran  
toujou      gran

---



Jòdani pi gran pase Fito.

Man Lakwa ankouraje timoun yo fè lekti.

---



# Nadya renmen lekòl



Nadya renmen lekòl anpil. Nan zòn kote li rete a, li toujou ap ankouraje lòt timoun etidye. Chak jou, depi li sot lekòl, li manje apre sa li pran liv li. Nadya toujou konn leson li chak jou. Direktè lekòl la konseye lòt elèv yo pou yo fè menm jan ak Nadya pou paran yo ka fyè de yo. Lè lekòl la ap bay kanè, Nadya toujou fè bèl mwayèn. Tout moun nan zòn nan di Nadya ap itil peyi li anpil lè li gran.

## Kesyon

1. De kilès istwa a pale ?
2. Ki sa moun nan zòn nan konn di de Nadya ?
3. Ki sa Nadya konn ankouraje lòt timoun yo fè ?
4. Èske sa konn rive pou ou ankouraje yon moun ? Rakonte.

## Leson 90 Revizyon

---

Drapo peyi m se fyète m, m ap respekte l.

---



Yon drapo se pa sèlman koulè.

Yon drapo se senbòl yon pèp.

Se senbòl yon kilti.

Se fyète chak sitwayen yon peyi.

Mwen se Ayisyen, drapo m se fyète m.

Mwen dwe respekte l.

---



kontinye

sakrifis

pami

fèt

dat

jwenn

drapo

endepandans

pou

kòm

---



15 me se dat Mimoz te fèt.

Pami tout elèv yo, Jano se elèv ki pi dosil.

---

# Dat ki fè fyète nou



Pou nou te jwenn libète nou, zansèt nou yo te fè gwo sakrifis. Se sa ki fè ann Ayiti nou bay anpil enpòtans ak kèk dat ki fè fyète nou kòm pèp. Pami dat sa a yo nou jwenn 18 novanm ki fè nou sonje batay Vètyè, 18 me ki se fèt drapo nou an ak premye janvye ki se fèt endepandans peyi d Ayiti. An nou kontinye fete nan dat sa yo pou nou pa bliye kote nou soti.

## Kesyon

1. Ki tit istwa nou sot li a ?
2. Ki fèt nou fete 18 novanm ?
3. Ki fèt nou fete 18 me ?
4. Ki jan nou santi nou jou fèt drapo ? Pou ki sa ?

## Leson 91 Revizyon

---

M ap koute konsèy granmoun yo.

---



Yon bon konsèy toujou itil.  
Granmoun yo gen larezon ak sajès.  
Yo konn bay bon jan konsèy.  
M ap koute konsèy granmoun yo  
Pou m ka evite anpil danje.

---



richès	kominote	memwa	chak
tout	moun	eksplike	janm
gwo	posed		


---



Vital pa janm derespekte granmoun.  
Edin gen bon memwa.

---

## Yon bon richès



Nan komin Paran, gen yon granmoun ki rele Patrik. Tout moun nan zòn nan di li se yon gwo richès pou kominote a. Patrik gen bon memwa, li pa janm bliye anyen. Menm si yon evènman pase byen lontan, Patrik ka eksplike ou li tankou se te yè sa te pase. Nan chak pawòl ki soti nan bouch li, nou ka jwenn anpil bon konsèy. Se pou sa tout moun renmen tande lè l ap pale. Patrik se yon gwo sous enfòmasyon pou moun nan komin Paran.

## Leson 92 Revizyon

---

Salye moun se lizaj, m ap salye tout moun.

---



Bonjou, bonswa se 2 ti mo.

Yo se mo lizaj, mo sajès.

Nou dwe itilize yo pou nou salye moun.

Salye m moun se lizaj, se sajès.

N ap salye tout moun

Paske tout moun merite respè.

---



tristès	wout	bonswa	moun	
bouch	sajès	lapenn	saj	ka
retire				

---



Janèt ak Wonal se timoun ki saj anpil.

Maryo retire chodyè a sou recho dife a.

---

## Yon ti gason saj



Karèl se yon ti gason ki saj anpil. Nan katye kote li rete a, tout moun toujou ap pale de li. Li toujou pran san li pou li salye tout moun li rankontre sou wout li. Yon bonjou oubyen yon bonswa ki soti nan bouch li ka retire lapenn ak tristès nan anpil kè. Tout moun nan zòn nan renmen Karèl pou sajès li.

## Leson 93 Revizyon

---

M ap pran bon jan prekosyon pou mwen pa trape maladi mikwòb ka bay.

---



Ala yon bèl bagay se lasante !

Viv an sante se viv san maladi.

M ap pran swen kò m

Pou m evite trape mikwòb.

Sante m se pa m.

---



penyen	ijyèn	twalèt	bwose
manje	mikwòb	lasante	prekosyon
abitid	pyès		

---



Mikwòb se lènmi lasante.

Krisyàn ap penyen tèt manman li.

---



## Anayiz gen liyèn



Anayiz se yon ti fi pwòp. Depi li leve, li pran san li pou li bwose dan li. Lè li pral lekòl, li toujou bwòdè. Tèt li toujou byen penyen, inifòm li ak soulye li menm se pa pale. Li gen abitid lave men li anvan li manje ak lè li soti nan twalèt. Li toujou tande mikwòb se lènmi lasante. Se pou sa, li pran bon jan prekosyon pou pyès mikwòb pa ba li maladi.

---

## Lavi nan Mòn Ti Paradi

---

**Naratè** : Nan peyi d Ayiti, gen yon mòn ki rele Mòn Ti Paradi. Li fè fre. Gen twa sous dlo ladan li. Li chaje ak pye bwa tankou pye palmis, bwapen, bwadchenn, kajou, elatriye. Yon jou, Chèlin al flannen nan Ti Paradi. Li wè Ton Gistav k ap koupe yon ti pye bwadchenn.

---

### Sèn 1

---

**Chèlin** (*sezi, li mete de men sou tèt li*)

O ! Ton Gistav ! Sa ou ap fè la ?

**Ton Gistav** (*trankil, li vire gade Chèlin*)

Kouman ! Sa ou wè a se sa wi.

M ap koupe yon pyebwa.

**Chèlin** (*fache, l ap fè jès ak men l*)

O ! Ton Gistav, Kisa pyebwa a fè w menm?

Ou gen kont ak yo ?

**Ton Gistav**

*(move, li pale di ak Chèlin, li glonfle vwa l)*

Se avèk ou menm mwen gen kont. Ou anpeche m koupe pyebwa a pou m al chèche lavi m.

**Chèlin** *(vwa li poze, li rete kè kal)*

Ton Gistav ! Mmm... si ou ap plede koupe pyebwa yo, malè ka rive nou wi.

**Ton Gistav** *(toujou move)*

Aaaa... ! Ki bagay malè ou ap pale la ?

Mwen koupe yon pyebwa, se fini.

Ton Gistav fache paske Chèlin ap fè li konprann li pa gen dwa koupe ti pye bwadchenn nan.

Li kòmanse pale fò ak Chèlin. Se konsa, Pè Riche vin ap pase, li antre nan dyalòg la.

---

---

## Lavi nan Mòn Ti Paradi

---

**Naratè :** Pè Riche te sot pran dlo nan sous la. Pandan l ap tounen lakay li, li wè Gistav k ap pale byen fò.

---

### **Pè Riche**

Mesyedam, sa nou genyen menm ?

### **Chèlin ak Gistav**

Bonswa Pè Riche.

### **Pè Riche**

Bonswa pitit mwen yo. E pa nou nan kont.

### **Chèlin (*kouri pale*)**

Nou pa nan kont non. Se Ton Gistav wi k ap koupe yon pyebwa nan Ti Paradi.

### **Ton Gistav (*vwa otorite*)**

Mwen bezwen ale fè chabon.

Mwen razè, m ap chèche lavi.

### **Chèlin (*li pa kite Pè Riche pale*)**

Ou razè ! Ou kwè mwen kwè ou ! Mwen toujou wè ou k ap achte kat met sou telefòn nou.

**Ton Gistav**

O o ! Ou vin pou mwen ou menm.

**Pè Riche**

Gistav pitit mwen, pye bwa enpòtan anpil pou tout kretyen vivan. Si nou koupe yo, sous yo p ap gen dlo anò. Rivyè yo p ap gen dlo tou. Eske nou ka viv san dlo ?

**Chèlin ak Ton Gistav**

Non, nou pa ka viv san dlo.

**Pè Riche** (*vwa l toujou ap tranble*)

Si nou koupe pye bwa yo, dlo lapli ap bwote tout bon tè al lage nan lanmè. Sa ka lakòz jaden yo pa pwodui manje ankò, dlo anvayi nou, moun ak bèt ka menm pèdi lavi yo.

**Chèlin :**

Mwen te di li koupe pye bwa ka lakoz gwo malè.

**Ton Gistav**

Ti pitit poze non ! O O !

### **Pè Riche**

Sonje, yon sitwayen se yon moun ki renmen peyi li. Li toujou ap fè tout sa ki pi bon pou peyi li ka pi bèl.

### **Ton Gistav**

Pè Riche, ou gen rezon. Mwen pral fè yon lòt komès pou mwen chèche lavi.

**Pè Riche** (*tonbe ri*) :

Pwoteje pye bwa se pwoteje lavi nou epi se fè Ayiti vin pi bèl.

Aprè ti koze sa a, Pè Riche ale lakay li. Ton Gistav pa koupe ti pye bwadchenn nan ankò. Chèlin kontan paske Mòn Ti Paradi ap toujou rete yon Paradi.

---





Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Jiyè 2014